# АШЫҚЛЫҚ ДӘСТАНЛАРЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎ ЖОЛЛАРЫ

**Есебаев Марат Матекович**
**Қарақалпақ әдебияты кафедрасы үлкен оқытыўшысы, ф.и.ф.д.(PhD)**

**Аннотация:** Бул тезисте қарақалпақ халықының ашықлық дәстанның пайда болыўы, қәлиплесиў дәўири ҳәм тарийхый дереклери, сондай-ақ, генезиси үйрениледи.

**Ключевые слово:** эпос, генезис, сюжет, мотив, фольклор, варинт, версия, образ, жыраў, бақсы

Қарақалпақ халық эпосы көп қатламлығы менен дүнья халықлары эпослары арасында айрықша орынды тутады. Бул нәрсе қарақалпақ халық эпосының узақ тарийхый раўажланыў басқышларын басып өткенлигинен дерек береди. Эпостың ҳәр бир қатламы болса оны жаратқан халық көркем ойының айрым басқышларына туўры келеди. Егер қаҳарманлық эпослар қарақалпақ халқының ғәрезсиз эпосы спатында тарийх сахнасында пайда болыўының эпик хабаршасы спатында жүзеге келген болса, ашықлық дәстанлар халықтың раўажланған феодаллық жәмийети ўақтындағы өмири, арызыў-әрманларын жоқары дәрежеде идалластырыў нәтийжесинде жүзеге келген.

Ашықлық дәстанлар феодализим дәўириниң сиясий, социаллық мүнәсебетлерине байланыслы болып, олардың әҳмийети мухаббат ҳәдийселери, қорқынышлы саргузашлар, ерттекке тән фантастикалық ўақыялар, соның менен бирге турмыс ўақыяларының көркем көриниси сүўретленеди. Көтериңки ышқы туйғылары ҳәм бул жолдағы қаҳарманлықтың идиал бул тип дәстанлардың тийкарын қәлиплестиреди.

Ашықлық дәстанлардың сюжети схемалары жүдә бир бирине уқсас болып, әдетте, қаҳарман ғайбана ашық болған гөззалын излеп сапарға атланады, әжайып, ҳайран қаларлық ҳәдийселерди, машақатлы саргузашларды басынан кеширеди, ғайры тәбиий күшлер менен тоқнасады, барлық қыйыншылықларды жеңип, өз мақсетине ериседи. Дәстан ўақыялары сулыў көркем сарайларда, шаўқымлы базарларда, сыйқырлы бағларда, тилсимли қорғанларда, қорқынышлы таў үңгирлеринде, қорқынышлы жер ҳәм суў асты жолларында болады. Бирақ бул дәстанлардың ҳәр бири композициялық

қурлысы, образлары, мотивлердиң ислетилиўи, характери ҳәм мазмуны жағанан ғәрезсиз болып келеди.

Фантастикалық ўақыялар, саргузашлар қоршаўында қыйын турмыслық ўақыялықтың бәри реал көринислери, майда-шүйдеси ҳәм қарама-қарсылықлары менен сүўретлеў ашықлық дәстанларға тән әпиўайы реализимди туўдырады. Социаллық турмыс характериндеги бундай реалистлик тематика халық юморы ҳәм дидактикасы өзгешеликлери менен беккем байланыслы.[1. 241]

Ояныў дәўиринде феодализм шынжыры кең қулаш жайып, адам тәғдири ермекке айланған ўақытта, ашықлардың аҳыў-зарын жырлаў, ҳәттеки гүреске шақырыў халық эпосында кеңнен орын алды. Усы дәўирде халық арасындағы көп санлы ертеклер тийкарында «Юсуп-Зилейха», «Лайли- Мәжнүн», «Фарҳад-Ширин» кейинирек «Тайыр-Зәўре» дәстанлары пайда болды.

Бул бойынша белгили илимпаз С.П Толстов былай келтирип өтеди. «Ғәрип-ашық» дәстаны пайда болы «Азербайжандағы – Шамахи, Сирияда – Халап (Әлепшырўан), Түркияда – Диарбәкир қалаларының ушырасыўы менен Шасәнемниң аты гезлесетуғын ўақытларын нәзерде тутып, дәстанды сол әтирапта XII, XIII, XIV – әсирлерде дөреген деген жуўмаққа келеди».[2.23-27.]

Мине усы ашық-машықлардың қәсейтли қыссасын сүўретлейтуғын дәстанлардың кең ен жайыўы «Ҳүрлиха-Ҳамра», «Ғәрип-ашық», «Нәжеп уғлан» ҳ.т.б.дәстанлардың дәслепки формаларының пайда болыўына жағдай таярланған болыўы тәжип емес.

Усы дәстанлардың пайда болыўына байланыслы бундай сюжетке қурылған қаҳарманлардың атларын, географиялық атамаларын өзгертиў жолы менен туўысқан қазақ, татар, ноғай халықларының «Қыз Жибек» «Қозы Көрпеш-Баян сулыў» [3.8.] қусаған дәстанлары пайда болды.

Бирақ бул жерде оларды бир-бириниң көширмеси деген ой болыўы мүмкин емес. Тек те олар узақ жыллар даўамында өз-ара қарым-қатнаслардан кейин бир-биринен сюжетлик тәсирленгенлиги, байып атырғанлығы ғана нәзерде тутылады.

Ашықлық дәстанлар түрк тиллес халықлары арасында жүдә көп тарқалған ҳәм салмақлы орынды ийелейди. Дәстанның бул типи қашан пайда болығанлығы ҳаққында айрым илимпазлар өз пикирлерин билдиреди.

Ҳақыйқаттан ҳәм ашықлық дәстанлардың жүзеге келиўинде халық ой пикириниң раўажланыўының қайсы басқышында жүзеге келди? Бул ҳаққында фольклортаныўда ҳәзирге шекем анық бир жуўмаққа келинбеди. Ашықлық дәстанлар ишинде белгили орынды ийелеген «Гөруғлы» түркиминдеги дәстан

ҳаққында сөз болғанда, В.М.Жирмунский ҳәм Ҳ.Т.Зариповлар усы түркимниң қәлиплесиўи ҳәм түрким спатында беккемлениў дәўирин XVII әсирдиң басланыўынан XIX әсирдиң орталарына шекем деп көрсетеди.[4. 191.] Мине усыған тийкарланып проф. Т.Мирзаев ҳәм проф. Б.Сарымсақовлар ашықлық дәстанлардың жүдә көп дөреген дәўири XVII әсрдиң басларында деп есаплайды.[5.51-55.] Олар бул пикирди алға сүргенинде тап сол дәўирде өзбек халық эпосы тез раўажланыў басқышын өз басынан кеширип атырғанлығын нәзерде тутқан еди.

С.Якубова «Ғәрип-ашық» дәстанының пайда болыў дереклерин үйрене отырып, қатнасы бар тарийхый дәўирлерди, ўақыяларды жуўмақластырып, өзинен бурынғы дәстанды изертлеўшилердиң әсиресе профессор Г. Араслының пикирин басшылыққа ала отырып, «Ғәрип-ашық» дәстанының XVI әсирде дөрелгенин ҳәм дәстаның дөрелиўиниң Ғарип атлы Тәбриз шайырдың исми менен байланыслы екенин көрсетеди. Автордың изертлеўлери нәтийжесиндеги төменги илимий жуўмағын толық қуўатлаўға болады: «Ғәрип-ашық» ҳаққындағы ҳәр қыйлы дәстанларда теңеў ҳәм салыстырып көриў дәстанның тийкарғы версиясының пайда болған жери, Балқан бойы ҳәм киши Азия болады деген жуўмаққа келеди. [6.282.]

Анығырақ жантасылса, ашықлық дәстанлар ўақыя ҳәдийселерди анық тарийхыйлық тийкарларында емес, бәлки кең тарийхый майданда сәўлелендиреди. Сондай-ақ, ашықлық дәстанларда халық турмысының айрым дәўирлери емес, бәлки оның сап муҳаббат дослық ҳәм туўысқанлық, мәртлик ҳәм қаҳарманлық, ўатансүйиўшилик ҳәм садықлық ҳаққындағы мәңги арзыў-нийетлери, интилиўлери ҳәм тилеклери улыўма кең тарийхый дәўирлер әтирапында өз сәўлелениўин көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда сөз етилип отырған дәстанлардың шығысы қандай да бир тарийхый дәўирге барып тирелген ўақытта да, ол сол дәўирдиң жемиси болып қалмастан, усындай еле оннан кейинги дәўирдиң де жемиси болып есапланады. Өйткени тарийхый көринистиң өзгериўи менен адамлардың да сана-сезими де өсип өзгерип отырады. Турмысқа, дүньяға болған көзқараста өзгериске дуўшар болады. Сонлықтан атқарыўшылар қандай да жәмийетлик дүзимди сүўретлесе де, өзлериниң, халықтың турмысын, сезимин, идиалын жырлайды.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Имомов К, Мирзаев Т, Саримсоқов Б, Сафаров О. Ўзбек халқ оғзаки ижоди.Тошкент «Ўқитувчи» 1990. Б. 241.

2. Муравьева Н.Н. Путешествие в Туркмении и Хиву. М., 1822. стр.151-153.

3. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис.1983. б.8.

4. Жирмунский В.М., Зарифов Х.Т. Ўзбекский народный героический эпос.-191.

5. Мирзаев Т., Саримсоқов Б. Достон, унинг турлари ва тарихий тараққиёти.-Ўзбек фольклорининг эпик жанрлари.-Т. Фан.1991.-Б.51-55.

6. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис «Билим» баспасы 1996. 282. б.